




Kondisyon pou Gradyasyon Eta New York la

Lòt Opsyon ki genyen yo

Pou genyen yon diplòm Eta New York (NYS), elèv yo dwe ranpli kondisyon kredi ak egzamen yo. [Kondisyon pou Gradyasyon Eta New York la: Konprann Kondisyon Aktyèl pou Diplòm Eta New York la](#) esplike kondisyon sa yo. Resous sa a eksplike lòt opsyon gradyasyon pou elèv yo. Opsyon sa yo gen ladan yo ni opsyon diplòm ni opsyon san diplòm.

Kontestasyon

Tout elèv yo ka konteste kont yon nòt ki pi ba nan yon egzamen Rejan si yo ranpli kondisyon sa yo:

2x	Elèv la te fè egzamen Rejan an nan kontestasyon omwen de (2) fwa.
✓	Elèv la gen omwen yon nòt nan kategori pwen pou kontestasyon an.
	Elèv la te resevwa èd akademik lekòl la te bay nan matyè ki konsène a.
	Elèv la pase klas konsène a.
	Yon pwofesè oswa yon Prezidan Depatman nan matyè ki konsène a rekòmande elèv la pou li fè kontestasyon an.

Se distri oswa lekòl ki bay yon elèv diplòm lan ki akòde kontestasyon an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou paj wèb [Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè](#) a.



Opsyon pou Tout Elèv yo

Opsyon Kontestasyon (Rejan oswa Diplòm Lokal)

Tout elèv ka ranpli kondisyon egzamen yo pou yon diplòm Rejan ak yon (1) nòt egzamen Rejan konteste. Nòt sa a pa dwe pi piti pase 5 pwen ki enferyè ak nòt pasaj la (60 jiska 64). Tout egzamen Rejan ki rete yo dwe gen yon nòt pasaj ki se 65 oswa pi plis. Tout elèv ka ranpli kondisyon egzamen yo pou yon diplòm lokal ak de (2) nòt egzamen Rejan ki konteste. Nòt sa yo pa dwe pi piti pase 5 pwen ki enferyè ak nòt pasaj la (60 jiska 64). Tout egzamen Rejan ki rete yo dwe gen yon nòt pasaj ki se 65 oswa pi plis.



Atestasyon Fen Etid (opsyon san diplòm)

Elèv ki pa ka ranpli kondisyon pou diplòm yo ka sòti nan lekòl segondè a avèk Atestasyon Fen Etid CDOS la. Elèv sa yo dwe ranpli kondisyon yo pou [Atestasyon Fen Etid CDOS](#). Yon Atestasyon Fen Etid CDOS otonòm pa egal a yon diplòm. Opsyon sa a pa disponib pou elèv ki gen andikap ki kalifye pou yon kalifikasyon pou Atestasyon Fen Etid pou Konpetans ak Akonplisman.

Opsyon pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè

Opsyon Kontestasyon (Diplòm Lokal)

Kèk Elèv k ap Aprann Lang Anglè ki ka itilize yon nòt egzamen Rejan Anglè 55 jiska 59 yo konteste pou reponn ak kondisyon egzamen yo. Pou yo kalifye, elèv yo dwe antre Ozetazini nan klas 9yèm ane oswa apre epi yo dwe klase kòm yon Elèv k ap Aprann Lang Angle lè y ap fè egzamen Rejan Anglè a yon dezyèm fwa. Elèv ki itilize opsyon sa a ap genyen yon diplòm lokal.

Remak: Elèv ki itilize opsyon sa a ka konteste tou yon lòt egzamen Rejan. Nòt egzamen sa a pa dwe pi piti pase 5 pwen ki enferyè ak nòt pasaj la (60 jiska 64).

Opsyon Kredi

Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo ka genyen kontni elektif, debaz ak kredi LOTE dèske l fini pwogram ENL espesifik ak pwogram Edikasyon Bileng yo. Gade [Nite Tablo Etid pou Anglè kòm yon Nouvo Lang \(ENL\) ak Pwogram Edikasyon Bileng yo](#) ak [LOTE FAQ](#) pou jwenn plis enfòmasyon.

Opsyon pou Elèv ki Andikape yo

Filè Sekirite Pasaj ki Fèb (Diplòm Lokal)

Opsyon filè sekirite pasaj ki fèb la pèmèt yon elèv ki gen yon andikap ranpli kondisyon tè s yo pou yon diplòm lokal. Elèv ki kalifye yo dwe fè nòt ant 55 ak 64 nan youn oswa plis nan egzamen Rejan obligatwa yo.

Opsyon Kontestasyon (Diplòm Lokal)

Elèv ki itilize filè sekirite pasaj ki fèb yo genyen tou opsyon pou fè kontestasyon jiska 2 nòt egzamen Rejan. Nòt sa yo dwe ant 52 jiska 54 Elèv yo dwe reponn tou ak kritè kalifikasyon pou kontestasyon yo.

Filè Sekirite Konpansasyon (Diplòm Lokal)

Opsyon filè sekirite konpansasyon an pèmèt elèv ki gen andikap yo konpanse yon nòt ant 45 jiska 54 nan yon egzamen Rejan obligatwa (eksepte pou ELA oswa matematik) ak yon nòt 65 oswa pi wo nan yon lòt egzamen Rejan obligatwa.

Egzanpsyon Kredi LOTE

Yo ka dispans elèv ki gen andikap yo nan kondisyon pou 1 kredi nan LOTE, **si yo endike sa sou IEP yo a**. Yo dwe toujou genyen 22 inite kredi pou yo gradye. Elèv yo te deklasifye nan klas 9yèm jiska 12yèm ane yo epi dènye IEP yo a te gen ladan yon egzansyon LOTE, yo kalifye tou. Yon elèv ki gen egzansyon LOTE k ap chèche yon diplòm Rejan ak deziyasyon avanse PA gen pou fini sekans 5 inite a nan Atizay oswa CTE pou ranpli kondisyon egzamen yo pou diplòm avanse a.



Detèminasyon Direktè a (Diplòm Lokal)

Elèv ki gen andikap ki pa kapab ranpli kondisyon egzamen yo pou yon diplòm lokal ka itilize opsyon detèminasyon direktè a. Elèv yo dwe ranpli kondisyon kalifikasyon yo:

	Elèv la gen yon pwogram edikasyon endividyèl aktyèl (individualized education program, IEP) epi ap resevwa pwogram ak sèvis edikasyon espesyal.
	Elèv la te patisipe epi li te pase tout klas ki enpòtan nan nivo Rejan yo.
	Elèv la te patisipe aktivman nan tout egzamen Rejan obligatwa yo.
	Elèv te genyen 22 inite kredi diplòm apwopriye yo.
	Paran elèv la oswa moun ki nan relasyon paran yo te soumèt yon demann alekri bay direktè a pou yon detèminasyon yon diplòm lokal.

Remak: Direktè a ap decide si yon elèv te ranpli kondisyon gradyasyon yo. Depatman Edikasyon NYS la pa apwouve opsyon detèminasyon direktè a.

Atestasyon Fen Etid (opsyon san diplòm)

Elèv nan NYS ki te fè tè s lè yo te itilize [Evalyasyon Altènatif Eta New York la](#) (New York State Alternate Assessment, NYSAA) kalifye pou kite lekòl segondè ak [Atestasyon Fen Etid pou Konpetans ak Akonplisman](#).

Resous

- [Apèl, Filè Sekirite, ak Detèminasyon Direktè a](#)
- [Atestasyon Fen Etid](#)
- [Edikasyon Jeneral ak Egzijans Diplòm](#)
- [Kondisyon Eta New York la pou Diplòm/Atestasyon](#)

Ou Gen Kesyon?

Kontakte Biwo Kourikoulòm ak Enstriksyon an nan emscgradreq@nysed.gov oswa (518)474-5922